



## ASISTANS NAN LANG

Anplwaye nan Sèvis Kliyantèl MBTA yo pale angle ak panyòl, epi gen entèprt ki la pou 160 lang. Polis Tranzit ak Anbasadè Tranzit MBTA ki nan estasyon yo kapab ede nan sèvis sa a. Pou asistans, rele nan nimewo:

**Telefòn: 617-222-3200**

**Nimewo Telefòn gratis: 800-392-6100**

**TTY pou moun ki pa tande byen: 617-222-5146**

[MBTA.com/language-services](http://MBTA.com/language-services)

## PATISIPASYON

Sa piblik la gen pou di, se yon faktè enpòtan nan devlope pwojè ak pran desizyon, kidonk nou ankouraje piblik la vini nan reyinyon piblik MBTA yo, pou fè kòmantè sou aktívite nou yo. Anons pou reyinyon yo afiche sou paj entènèt aktívite nou yo, epi yo gen enfòmasyon sou jan pou mande aranjanman gratis pou aksè ak asistans pou lang.

[MBTA.com/events](http://MBTA.com/events)

## KONBYEN SA KOUTE?

### Metwo - 1 sans:

\$2.40 avèk kach, CharlieCard, oswa CharlieTicket

### Otobis Lokal - 1 sans:

\$ 1.70 avèk kach, CharlieCard, oswa CharlieTicket

### Tren Pasaje - 1 sans:

\$2.40 – \$13.25, dapre distans ou fè nan tren an

### Feri - 1 sans:

\$3.70 – \$9.75, dapre kote ou derape ak kote ou rive a

### Paratranzit:

\$3.35–\$5.60, tarif 1 sans pou chak pasaje

[MBTA.com/fares](http://MBTA.com/fares)

## PRI EKONNOMIK

Etidyan ki kalife yo kapab jwenn CharlieCard pou Etidyan (valab jiska 31 out chak ane) nan lekòl ki patisipe yo.

Moun majè ant 18 ak 25 an ki pa touche anpil lajan, epi ki rete nan yon vil oswa yon vilaj ki patisipe, kapab kalife pou yon Pas Charlie Card pou Jenn Moun (Youth Pass Charlie Card).

Moun avèg oswa ki pa wè byen kapab jwenn sèvis gratis ansanm ak gid yo nan MBTA, si yo gen yon CharlieCard pou Moun Avèg (Blind Access Charlie Card).

Moun ki gen anpil laj (65 an+) ak moun andikape kalife pou pri ekonomik avèk yon Pas pou Transpò (TAP, ki vle di "Transport Access Pass").

[MBTA.com/fares/reduced](http://MBTA.com/fares/reduced)

## LÒT OPSYON POU PEMAN

Timoun ki gen laj jiska 11 an kapab monte gratis avèk yon moun majè. Jiska de (2) timoun kapab monte avèk chak kliyan.

Konpayi yo kapab patisipe nan yon pwogram CharlieCard pou konpayi, kote yo bay avantaj taks pou anplwaye yo.

[MBTA.com/pass-program](http://MBTA.com/pass-program)

MBTA defann fè diskriminasyon nan tout aktívite li yo. MBTA respekte tout kondisyon sou dwa sivik nan nivo federal ak nan Eta a ki defann fè diskriminasyon poutè ras, koulè, peyi kote moun soti, konnesans limite nan lang angle, ansanm ak lòt karakteristik pwoteje yo. Pou plis enfòmasyon, oswa pou pote yon plent, ale nan adrès [MBTA.com/titlevi](http://MBTA.com/titlevi) oswa kontakte nou nan Biwo MBTA/MassDOT sou Divèsite ak Dwa Sivik la (MBTA/MassDOT Office of Diversity and Civil Rights, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116), Tel: 857-368-8580, oubyen voye yo mesaj elektwonnik ba nou nan adrès [MBTACivilRights@mbta.com](mailto:MBTACivilRights@mbta.com)

## KOUMAN POU MONTE MBTA a Fondamantal yo

## LÈ SÈVIS YO

Pifò nan sèvis otobis ak tren yo kòmanse depi 5 AM pou fini a 1 AM, men gen kèk sèvis otobis ki kòmanse depi 3:30 AM sou wout ki gen anpil aktívite yo. Lè sèvis yo depann sou ki kalite transpò sa ye, ak sou ki jou nan semenn lan. Sèvis la fèt pi souvan pandan lè pwent lasemann yo (7 - 9 AM ak 4 - 6:30 PM) pase lòt lè yo. Sa ki fèt pi souvan pase tout lòt lè yo, se sèvis metwo ak wout otobis prensipal yo (tankou Wout 28, 111, 116, ak kèk lòt) ki pase nòmalman chak 10 - 15 minit oubyen pi souvan.

[MBTA.com/schedules](http://MBTA.com/schedules)

## ALÈT SOU SÈVIS

Konn gen enteripsyon ki rive nan sèvis yo, epi lè konsa, MBTA afiche yon anons oubyen li mete moun pou ede kliyan yo. Gen alèt pou kounye a oubyen ki prevwa, nou mete sou sit entènèt nou an. Pasaje yo ka enskri pou T-Alerts, pou resevwa alèt nan tèks oswa nan kourye elektwonnik.

[MBTA.com/alerts](http://MBTA.com/alerts)

## POSIBLITE AKSÈ

Tout otobis MBTA yo bay aksè pou moun andikape, menm jan ak estasyon metwo ak tren pasaje yo. Feri ak estasyon yo aksesib, men kapab genyen baryè tanporè pou mare wo oubyen mare ba.

[MBTA.com/accessibility](http://MBTA.com/accessibility)

THE RIDE: THE RIDE se sèvis transpò komplementè nan MBTA a. Si ou gen yon andikap ki anpeche ou sèvi avèk otobis MBTA, oswa metwo, oswa navèt tout tan oubyen pandan kèk tan, gen chans pou The RIDE rive ede ou nan transpò piblik ou bezwen.

[MBTA.com/accessibility/the-ride](http://MBTA.com/accessibility/the-ride)

Si yon pasaje bezwen enfòmasyon menm moman an sou asansè oswa eskalye mekànik ki pa travay, li mèt rele 617-222-2828.

## POU KONTAKTE MBTA

Gen plizyè jan pasaje yo ka kontakte MBTA, tankou nan telefon, oswa nan mesaj elektwonnik, oswa nan medya sosyal nou an:

**Telefòn: 617-222-3200**

**Telefòn gratis: 800-392-6100**

**TTY pou moun ki pa tande byen: 617-222-5146**

**Adrès elektwonnik: [MBTA.com/customer-support](http://MBTA.com/customer-support)**

<a href="https://twitter.com/mbta">twitter.com/mbta</a>	<a href="https://facebook.com/TheMBTA/">facebook.com/TheMBTA/</a>
<a href="https://instagram.com/thembta/">instagram.com/thembta/</a>	<a href="https://youtube.com/mbtagm">youtube.com/mbtagm</a>
<a href="https://tiktok.com/@thembta">@thembta</a>	<a href="https://linkedin.com/company/mbta">linkedin.com/company/mbta</a>

## SI GEN YON KA IJANS

Tout anplwaye MBTA yo resevwa fòmasyon sou pwosedji pou ka ijans, ak sou jan pou yo pare pou sa. Si ou wè yon bagay sispek oubyen ou bezwen fè rapò sou yon ka ijans, tanpri rele: **911** oswa

**Polis Tranzit nan nimewo 617-222-1212,**

**TTY pou moun ki pa tande byen: 617-222-1200**